



PWOSÈ VÈBAL REYINYON MIKS KOMITE LEKÒL BOSTON

18 Oktòb 2023

Komite Lekòl Boston nan te òganize yon reyinyon miks nan dat 18 Oktòb 2023 a 6 p.m. nan Bruce C. Bolling Municipal Building, 2300 Washington Street, School Committee Chamber, Roxbury, Massachusetts. Reyinyon an difize an dirèk tou sou chèn [Boston City TV](#) ak sou Zoom. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan sa ki ekri anba yo, ale sou bostonpublicschools.org/schoolcommittee, voye imèl nan esullivan3@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo Komite Lekòl Boston lan nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael D. O'Neill; Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; Chantal Lima Barbosa; Rafaela Polanco Garcia; Quoc Tran; ansanm ak Reprezantan Elèv yo, Diego Mehta.

Manm Komite Lekòl ki Absan yo: Okenn

DOKIMAN YO TE PREZANTE

[Ajanda](#)

Pwosè vèbal reyinyon an: [4 Oktòb 2023](#); ak [5 Oktòb 2023 retrèt](#)

[Mizajou sou 1ye Trimès Lekòl Transfòmasyon yo, Memo sou Ane Lekòl 2023-2024 la](#)

[Deklarasyon sou Enpak Ekite Mizajou sou 1ye Trimès Lekòl Transfòmasyon yo](#)

[Prezantasyon PowerPoint Mizajou sou 1ye Trimès Lekòl Transfòmasyon yo](#)

[Memo sou Plan Edikasyon Enklizif](#)

[Deklarasyon sou Enpak Ekite Mizajou sou Edikasyon Enklizif la](#)

[Plan Edikasyon Enklizif Lekòl Piblik Boston yo](#)

[Prezantasyon PowerPoint Edikasyon Enklizif la](#)

Reyinyon Miks Komite Lekòl Boston lan

Bruce C. Bolling Municipal Building
2300 Washington Street
School Committee Chamber
Roxbury, MA 02119

18 Oktòb 2023

DEKLARASYON OUVÈTI SEYANS LAN

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an e te fè moun yo fè sèman fidelite. Li te fè konnen ke reyinyon aswè a te difize andirèk sou Boston City TV ak sou Zoom. Y ap redifize li epi y ap pibliye videyo a sou bostonpublicschools.org/schoolcommittee ak sou YouTube. Li te anonse sèvis entèpretasyon similtane an disponib nan lang Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vèdyen, Vyetnamyen, Kantonèz, Mandaren ak Lang Siy Ameriken (ASL). Yo te pibliye dokiman reyinyon ki tradui yo nan bostonpublicschools.org/schoolcommittee avan reyinyon an kòmanse.

Sipèrentandan Skipper te pataje kèk refleksyon sou atak orib Hamas fè sou pèp Izrayèl la ak sou gè a ansanm ak kriz imanite Gaza ap travèse nan moman an. Li te rankontre avèk Sipèrentandan Lekòl Rejyonal yo ansanm ak responsab lekòl yo pou yo te kapab diskite sou resous ki disponib pou elèv ki te sibi enpak sou divès fasob yo, epi ki bezwen èd pou yo trete sa y ap wè ak tande. Biwo Sipò Elèv la te distribye divès plan kou ki apwopriye ak laj, ansanm ak lòt resous pou ede edikatè yo, travayè sosyal yo, ansanm ak lòt anplwaye yo favorize konpreyansyon ak byennèt sosyal ak emosyonèl elèv yo. Sipèrentandan an te fè konnen ke nou tout dwe rete vijilan pa rapò ak yon ogmantasyon posib nan zak anti-semis ak Islamofobi epi BPS pa pral tolere pyès diskriminasyon sou nenpòt fòm nan. Biwo Ekite a rete prè pou bay sipò si sa nesesè epi l ap kontwole deprè tout ensidan ki ka pwodui. Li te ofri panse ak priyè pou tout moun ki sibi enpak yo epi k ap soufri akòz vyolans ak gè sa a. Li te afime sipò distri a pou kominote lekòl la.

SITASYON

Komite a ansanm ak Sipèrentandan Skipper te prezante yon sitasyon bay Yvrose Bourdeau, pwofesè pwogram nan doub lang lan nan Mattahunt Elementary School, ki te fèk pran Pri Shattuck 2023 a ke Biwo Rechèch Minisipal Boston bay la.

APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON AN

Apwouve – Komite a te apwouve, atravè yon konsantman inanim, pwosès vèbal reyinyon Komite Lekòl la te fè nan dat 4 Oktòb 2023 a ansanm ak retrè Komite Lekòl la te fè nan dat 5 Oktòb 2023 a.

RAPÒ SIPÈRENTANDAN AN

Lè yo te fin prè nèt pou yo kòmanse.

Mèsi, Prezidan Robinson epi bòn sware. Kòm swivi pou chita pale ki fèt nan retrèt Komite Lekòl la te òganize a konsènan rekonsidere ajandda reyinyon an, m ap eseye rann rapò sipèrentandan m

Reyinyon Miks Komite Lekòl Boston lan

Bruce C. Bolling Municipal Building
2300 Washington Street
School Committee Chamber
Roxbury, MA 02119

18 Oktòb 2023

nan pi brèf. Nan Rapò Sipèrentandan an pou Aswè a, nou genyen kèk mizajou rapid ansanm ak kèk pwen pozitif. Pa twò lontan, ou pral tande mizajou sou Lekòl Transfòmasyon yo ansanm ak Edikasyon Enklizif la.

Pou m kòmanse, mwen vle fè manm yo konnen ke aktyèlman n ap kolekte enfòmasyon ke manm Komite yo te mande yo konsènan rekòmandasyon Gwoup Travay Lekòl Egzamen an fè pou n bay pwen bonis pou nou kapab asire n ke tout manm yo ansanm ak piblik la gen menm kontèks istorik ak jistifikasyon tout desizyon ak rekòmandasyon ki lye ak politik la nan moman sa la a. Nou espere n ap gen enfòmasyon sa yo prè pou n kapab pataje yo avan pwochen reyinyon n ap gen pou n fè a epi y ap gen ladan yo:

- Rezime ak kalandriye deliberasyon Gwoup Travay Lekòl Egzamen an avan yo te rekòmande politik sou admisyon aktyèl la ansanm ak orijin ak konsiderasyon pwen bonis yo.
- Yon kalandriye pou pwosesis admisyon pou fanmi yo, ansanm ak lè manm komite lekòl yo kapab espere jwenn done konsènan envitasyon ansanm ak rezilta elèv yo apre pwochen peryòd admisyon an
- Ansanm ak kèk done siplemantè pou reponn kesyon manm komite yo konsènan estati moun ki ekonomikman defavorize yo ansanm ak pousantaj envitasyon yo, ansanm ak diferans pwen ki genyen ant lekòl tit I yo ak lekòl ki pa tit I yo ansanm ak kesyon konsènan nòt konpozit minimòm pou chak nivo.

N ap pataje l avèk Komite a ansanm ak piblik la dèke li fini.

Jou ki te Vandredi 13 Oktòb la, BPS te soumèt memo sèvis manyèl nou sou Pontyalite - oswa transpò OTP bay DESE nan kad Plan pou Amelyorasyon Sistematik la (SIP). Avan n konsidere nenpòt wout ki manke done GPS. pontyalite pou mwa Septanm lan te prezante konsa:

- Nan maten, 84 pousan bis te rive alè, 96 pousan bis te rive 15 minit alè, epi 99 pousan bis te rive nan lespas 30 minit alè
- Nan apremidi, 83 pousan bis te rive alè, 95 pousan bis te rive 15 minit alè, epi 98 pousan bis te rive nan lespas 30 minit alè

Epitou, 2.5 pousan nan vwayaj ki pwograme pou lematen ak 2.4 pousan nan vwayaj ki pwograme pou lezapremidi yo te manke done sou lè yo rive yo. Nan OTP yo te rapòte bay DESE a, yo te konsidere vwayaj sa yo ki manke done yo kòm vwayaj ki an reta - pwiske se konsa pratik la te toujou ye. Konsa, apre yo fin konsidere done ki manke yo, pontyalite lematen yo rapòte bay DESE a pou mwa Septanm 2023 a te a 81.8 pousan. Done mwa pase yo pa rapò ak sa mwa Septanm 2022 yo montre gen gwo pwogrè ki fèt. Pousantaj done GPS ki manke yo te diminye a plis pase mwatye - 5.8 pousan nan mwa Septanm 2022 a pa rapò ak 2.5 pousan nan mwa Septanm 2023 a. Pontyalite yo rapòte bay DESE a te bonjan ogmante tou, soti nan 76.4 pousan nan mwa Septanm ki sot pase a rive nan 81.8 pousan pou mwa Septanm sa a.

Reyinyon Miks Komite Lekòl Boston lan

Bruce C. Bolling Municipal Building
2300 Washington Street
School Committee Chamber
Roxbury, MA 02119

18 Oktòb 2023

Aprè travay nou fin fè pou n kapab rive anboche ak fòmè chofè bis yo pou yo kapab retounen nan efektif anlwaye konplè a, pa t gen vwayaj ki te fèt an Septanm san yo pa t asire gen chofè. Yon vwayaj nan maten ak de (2) vwayaj nan apremidi pa t rive fèt akoz te gen yon erè eksplwatasyon. Yo te fè swivi sou chak ka sa yo separeman.

Pou n fini, nou kontinye ap fè bonjan pwogrè nan efektif siveyan nan bis yo. Nou te kòmanse ane lekòl sa avèk apeprè 200 siveyan nan bis anlès pa rapò ak ane pase. Nou te mete sou pye tou yon nouvo modèl kouvèti ki vize asire ke gen omwen yon siveyan nan bis nan chak bis k ap transpòte elèv ki gen andikap yo. Nou te kontinye bonjan konsantre n sou anbochman, epi aktyèlman nou gen 65 siveyan nan bis anlès nou rive anboche ki annatant, pou nou kapab asire n ke nou konplètman reponn ak tout bezwen elèv yo. Mwen vle aplodi gwo jefò ekip Transfòmasyon BPS la fè pou l rive angaje l totalman nan objektif nou genyen an komen yo ak pou n kontinye pote amelyorasyon pandan n ap travay pou n rive reyalize objektif sa yo.

Yon lòt fwa ankò, m ap felisite pwofesè Mattahunt Elementary School la, Yvroe Bourdeau, pou Pri Shattuck 2023 a li genyen an. Madam Bourdeau bay kè l ak nanm li pou elèv ak fanmi Mattahunt yo chak jou. Soti nan òganize gwoup lekti pou fanmi yo, kou Anglè pou adilt yo ansanm ak pwonmnan nan Blue Hills rive nan livrezon pwovizyon bay fanmi yo, Madam Bourdeau te kontribye nan kreye kominote akeyan sa ki fè repitasyon Mattahunt lan.

Dènyeman an, mwen te santi m onore dèske m kontribye nan reyalize yon souwè pou William Gerald Chase, ki te kite Brighton High School nan lane 1943 pou l bay sèvis li Marin Amerikèn pandan Dezyèm Gè Mondyal la. Mesye Chase te kite lekòl la avan li te dekwoche diplòm li. Gras ak yon seri moun nan BPS ki sousye tankou responsab Brighton High school la, Andrew Bott ansanm ak manm yo nan lekòl segondè nou an, ekip pedagogik ak teknoloji yo, Komisyonè Sèvis Ansyen Konbatan yo nan vil la, Roberto Santiago ansanm ak Prezidan Konsèy Minisipal la Ed Flynn, de (2) ansyen konbatan nan Marin, te prezante mesye Chase diplòm li an. Nou vrèman fyè de Mesye Chase epi n pa gen mo pou n eksprime kòman nou rekonesan pou sèvis li. Byenvini nan pwomosyon 2023 a!

Jou ki te Madi 11 Oktòb la, Biwo Santral BPS la te selebre Mwa Eritaj Ispanik la avèk manje, mizik, konferansye envite ansanm ak yon pèfòmans dans Gwoup Travay Hyde Square la te bay kote li te gen ladan l elèv BPS yo. Pami envite espesyal yo, te genyen: Prezidan Komite Lekòl la, Robinson ak manm komite a, Polanco Garcia ansanm ak Konseye Jeneral Vil Boston nan, Julia Mejia.

Nou vle sèlman raple w ke nou nan Mwa Inivèsite ak Karyè BPS la. Tanpri, rejwenn nou nan BPS Citywide College, Career, ak Fwa STEM jou Samdi 21 Oktòb nan 10:00 am jiska 1:30 pm nan Reggie Lewis Track ansanm ak Sant Espòtif nan 1350 Tremont Street nan Roxbury.

Avan nou fini, mwen ta renmen pran yon moman pou n komemore lavi ak travay ansyen direktè lekòl, pwofesè, administratè e fòmètè BPS la, Michael Donato ki te mouri nan mwa ki sot pase a. Mesye Donato ap rete nan memwa nou pou tout wòl li te jwe yo nan ansyen lekòl segondè Boston Tech ak Roslondale yo epi pou lidèchip konstan li te founi nan Hyde Park High School tout pandan te gen kriz bis la. Sa ki enpòtan toujou, Mesye Donato ap vrèman rete nan memwa

Reyinyon Miks Komite Lekòl Boston lan

Bruce C. Bolling Municipal Building
2300 Washington Street
School Committee Chamber
Roxbury, MA 02119

18 Oktòb 2023

kòlèg ak pakèt pil elèv li te oryante e konsye yo tout pandan li te vivan an. Nou remèsye Mesye Donato pou devouman li anvè elèv nou yo. Panse nou al jwenn fanmi li ak zanmi li pandan n ap selebre lavi li.

Mwen vle pran yon moman pou m adrese ak elèv ki la yo aswè a. Mèsi dèske nou te vin temwanyè, sitou nan yon sware eskolè. Gen anpil nan nou ki pran nan tan nou pou n fè devwa mezon ak jere lòt responsablite nou pou n kapab pale avèk nou. Mwen konnen nou prevwa pale sou pwoblèm ki enpòtan ki gen enpak sou kominote lekòl nou an. Nou menm nou la pou n koute. Pou elèv O'Bryant yo ki prezan lan aswè a, mwen konnen gen lòt konvèsasyon ki planifye avèk anplwaye yo nan Distri a pou semèn k ap vini yo pou n kapab ni vizite kanpis West Roxbury Education Complex la (WEREC) ni kontinye konvèsasyon sa a. Mwen pa ka tann pou m tande nou aswè ni apre reyinyon sa yo. Mwen fyè de efò nou fè pou n defann tèt nou. M ap toujou koute epi m ap ankouraje dwa n genyen pou pale ak eksprime nou. Sa konsa mwen fini rapò mwen an. Retounen jwenn ou, Madam Prezidan an.

Doktè Alkins te mande enfòmasyon sou enpak pwogram pandan ete yo genyen. Sipèntandan an te fè konnen ke li pral prezante enfòmasyon yo nan yon memo. Doktè Alkins te mande kòman BPS ap ede elèv yo ak edikatè yo jere sitiyoasyon ki genyen an nan Mwayen Oriyan an. Sipèntandan an te fè konnen ke ekip li a ap travay avèk responsab lekòl yo pou yo kapab bay elèv yo yon pakèt sipò soti nan resous nimerik rive nan travayè sosyal.

Mesye O'Neill te fè konnen ke li pa ka tann pou l jwenn done sou admisyon nan lekòl egzamen yo, sitou diferans nòt ki genyen ant lekòl tit En yo ak lekòl ki pa tit En yo pa rapò ak chif abitrè yo te chwazi avan an. Li te mande yon mizajou sou pèfòmans transpò a. Direktè Transpò a, Dan Rosengard, te note ke done sou transpò yo pa finalize toutotan BPS pa soumèt yo bay DESE, sepandan, jiskaprezan nan mwa Oktòb la BPS afoche yon ponktyalite an mwayèn ki egal 89% nan maten e 87% nan apremidi avan yo soustrè tout GPS ki manke. Li te di ke BPS pa t gen okenn pwoblèm pou l founi transpò pou sòti espòtif ak pwonmnad nan chan ane sa a pwiswe efektif chofè li yo ranpli. Mesye O'Neil te felisite ansyen direktè Hyde Park High School la, Michael Donato, pou sèvis li nan BPS.

Madam Robinson te mande si gen kèk tandans k ap evolye nan done sou pontyalite transpò yo. Mesye Rosengard te di ke menm si pifò bis ki an reta yo se pou pwoblèm pontyalite, gen yon yon sou-ansanm wout kote yo idantifye pwoblèm debaz ke BPS ap travay an kolaborasyon avèk Transdev pou li takle yo.

Mesye Cardet-Hernandez te mande si pwochen memo sou admisyon nan lekòl egzamen yo pral gen rekòmandasyon ladan yo. Sipèntandan an te fè konnen ke memo pral endike enfòmasyon istorik ansanm ak motif ki dèyè politik la. Mesye Cardet-Hernandez te mande si memo a pral abòde si distri a te eksplòre oswa pa t eksplòre oswa pral eksplòre oswa p ap eksplòre relasyon li genyen avèk eta a pou li kapab pèmèt BPS jwenn done sosyo-ekonomik adisyonèl sou elèv yo. Sipèntandan an te fè konnen ke memo patikilye sa pa t ap gen ladan l enfòmasyon sa yo men ke distri a pral travay pou li wè kisa ki posib.

Reyinyon Miks Komite Lekòl Boston lan

Bruce C. Bolling Municipal Building
2300 Washington Street
School Committee Chamber
Roxbury, MA 02119

18 Oktòb 2023

Mesye Cardet-Hernandez te sijere pou tablodbò Evalyasyon sou Kondisyon Etablisman yo (Facilities Conditions Assessment, FCA) gen plis enfòmasyon ladan li sou ki done k ap enfòmè nòt yo ak kijan distri a ap evalue done sa yo. Sipèrèntandan an te remèsye Mesye Cardet-Hernandez pou kòmantè li epi li te fè konnen ke ekip la pral bay plis eksplikasyon sou sit la. Sipèrèntandan an te klarifye pou Mesye Cardet-Hernandez ke tablodbò FCA a pral youn nan plizyè eleman k ap oryante ribrik sou priz desizyon etablisman yo.

Mesye Tran te mande jwenn klarifikasyon sou ki enfòmasyon ki pral enkli nan memo sou admisyon nan lekòl egzamen yo. Sipèrèntandan an te fè konnen ke memo a pral endike kontèks istorik ansanm ak done sou Tit I an.

Apwouve - Komite a te apwouve Rapò Sipèrèntandan an atravè yon konsantman inanim.

KÒMANTÈ PIBLIK LA AN JENERAL

Moun ki endike annapre yo se moun ki te temwanye konsènan pwopozisyon pou retire John D. O'Bryant School of Math and Science lan pou y al mete l nan yon etablisman ki renove nan kanpis West Roxbury Education Complex lan:

- Jayme Martin, rezidan Roxbury e elèv O'Bryant School of Math and Science
- Arianny Ramos, rezidan Dorchester e elèv O'Bryant School of Math and Science
- Sara Blanco, rezidan East Boston resident e elèv O'Bryant School of Math and Science
- Stiven Maldonado, rezidan Allston resident e elèv O'Bryant School of Math and Science
- Mary Matero, rezidan West Roxbury resident e elèv O'Bryant School of Math and Science
- Isabella Pedroza Muñoz, rezidan Mattapan resident e elèv O'Bryant School of Math and Science
- Anissa Adeyanju, rezidan Dorchester e elèv O'Bryant School of Math and Science
- Aliyah Mahmoud, rezidan Quincy e pwofesè nan O'Bryant School of Math and Science
- Liza Cagua-McAllister, rezidan Roslindale e paran ki gen timoun nan O'Bryant School of Math and Science
- Dinah Shepherd, rezidan Jamaica Plain e paran ki gen timoun nan O'Bryant School of Math and Science
- Paulena Papagiannis, rezidan Somerville e pwofesè nan O'Bryant School of Math and Science
- Aparna Lakshmi, rezidan Roslindale e pwofesè nan O'Bryant School of Math and Science
- Krista McKee, rezidan Beacon Hill e paran ki gen timoun nan O'Bryant School of Math and Science
- Francis Pina, rezidan Malden e ansyen elèv O'Bryant School of Math and Science
- Kiesha Santana, rezidan Brighton e ansyen elèv O'Bryant School of Math and Science
- Gretchen Nash, rezidan West Roxbury e paran ki gen timoun nan O'Bryant School of Math and Science

Reyinyon Miks Komite Lekòl Boston lan

Bruce C. Bolling Municipal Building
2300 Washington Street
School Committee Chamber
Roxbury, MA 02119

18 Oktòb 2023

- Valerie Copeland, rezidan Mattapan e ansyen elèv BPS

Moun ki endike annapre yo te temwanuye enkyetid yo genyen sou politik aktyèl sou admisyon nan lekòl egzamen yo:

- Elizabeth Nothnagle, rezidan Charlestown e elèv BPS
- Grace Nothnagle, rezidan Charlestown e elèv BPS
- Alana Susi, rezidan Charlestown e elèv BPS
- Emmeline Knight Bairstow, rezidan South End e elèv Eliot K-8 Innovation School
- Fallon Perez, rezidan North End e elèv Eliot K-8 Innovation School
- Tatum Donovan, rezidan South Boston e elèv Eliot K-8 Innovation School
- Isabel Gali, rezidan Charlestown e elèv Eliot K-8 Innovation School
- Kathleen Chardavoynne, rezidan Charlestown e paran ki gen timoun nan Eliot K-8 Innovation School
- Monica Borgida, rezidan Charlestown e parn ki gen timoun nan Eliot K-8 Innovation School

John Mudd, rezidan e defansè nan Cambridge, te temwanyen sou Plan Estratejik OMME ak Plan Edikasyon Enklizif la

RAPÒ

Mizajou sou Lekòl Transfòmasyon yo: Iye Trimès, Ane Lekòl 2023-2024 - Direktè Egzekitif Transfòmasyon nan Distri a ak Lekòl la, Mike Sabin, te prezante premye rapò chak trimès li pou ane 2023-2024 la sou lekòl Transfòmasyon yo nan distri a, kote li ranpli youn nan kondisyon yo nan Plan Amelyorasyon Sistematik. Lekòl Transfòmasyon yo se lekòl BPS ke Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè nan MA a (DESE) idantifye yo kòm lekòl “ki egzije yon asistans oswa yon entèvyou.” Mizajou a re konsantre sou twa domèn priyorite Plan Lekòl Kalite (Quality School Plan, QSP) a nan domèn Alfabetizasyon Ekitab, Klima ak, Prezans. Objektif distri a pou Lekòl Transfòmasyon yo se ankouraje ekite ak elimine dispirite nan opòtinite ak reyisit pandan y ap founi sipò adisyonèl bay lekòl ki se lekòl ki bay mwens rannman yo nan distri a.

Pa rapò ak Lekòl ki pa Lekòl Transfòmasyon yo, Lekòl Transfòmasyon yo gen yon pousantaj elèv ki ekonomikman defavorize ki pi elve (85%); plis elèv ki gen andikap (28%) ansanm ak Aprenan Anglè (38%); yon pousantaj elèv ki bonjan nan bezwen ki pi elve (95.2%); ak yon pi gwo kantite elèv Nwa (36%) ak elèv Latino-Ameriken (50%).

Enfòmasyon Kle sou Done Pou Lekòl nan Transfòmasyon an 2023 pa rapò avèk 2022:

- Yon kwasan ki pi wo (SGP) nan Metantik ak ELA nan Klas 3yèm-8yèm ane nan 2023 MCAS
- Yon kwasans ki pi ba (SGP) nan Matematik ak ELA nan Klas 10yèm ane nan 2023 MCAS

Reyinyon Miks Komite Lekòl Boston lan

Bruce C. Bolling Municipal Building
2300 Washington Street
School Committee Chamber
Roxbury, MA 02119

18 Oktòb 2023

- Pi wo reysit nan 2023 MCAS (Nòt ki Mezire) nan Matematik nan toude nivo yo ak nan ELA nan lekòl segondè
- Amelyorasyon kwasans pou Aprenan Anglè yo nan ACCESS men yon % ki pi ba ap fè pwogrè nan lekòl segondè
- Kantite absans kwonik la redui a de (2) nivo (men li toujou ekstrèmman elve)

Soti ane 2022 rive 2023, 15 Lekòl Transfòmasyon BPS te amelyore santil responsablite yo nan eta a, twa lekòl te rete menm jan an, epi 8 lekòl te diminye.

Konklizyon sou Baz Done yo:

- Prèv pwogrè inisyèl—ak nan kèk ka pwogrè ki enpòtan— nan majorite Lekòl Transfòmasyon.
- Prèv ke Lekòl Transfòmasyon yo te montre amelyorasyon nan ane pase pase lekòl nan pèsantil 11-20 yo
- Divès eka reysit enpòtan ak enkyetan sibziste, tou kòm ijans yon amelyorasyon akselere pèfòmans yo, kwasans ak frekantasyon

Pwochèt Etap Estratejik An Repons:

- Elaji sipò rejyonal pedagojik ak operasyonèl
- Entansifye ankadreman pedagojik nan milye lekòl, èd pou prezans ak mizannèw pwogram lekòl yo
- Elaji sipò pou lekòl yo nan pèsantil 11-20

Eleman kle yo nan Estrateji pou Amelyorasyon Lekòl Transfòmasyon BPS la:

- Sipò Rejyonal: Sipò preferansyèl nan liyezon rejyonal
- Plan Lekòl Kalite: Sipò pou devlopman ak mizannèw QSP
- Lidèchip Pwofesè yo: Finansman ak sipò pou lidè pwofesè yo ansanm ak ekip lidèchip yo pou dirije mizannèw QSP ak siveyans pwogrè
- Obsèvasyon Pratik: Obsèvasyon kontini pou siveye etap aksyon QSP yo, soutni mizannèw pwogram lan epi aliye soutyen rejyonal la
- Kotchin Pedagojik yo: Kotchin pedagojik kontini nan milye eskolè
- Rekritman ak Anbochman: Sipò siblè pou rekritman, lisans ak rekrute
- Sipò Prezans: Efò kolaboratif pou reponn ak pwoblèm absans kwonik

NOUVO ELEMEN NAN ANE LEKÒL 2023-24:

- Kad distri ‘atant inivèsèl’ ak ‘evalyasyon pwogrè’ pou ranfòse planifikasyon estratejik ak repons lekòl yo ak done swivi pwogrè yo
- Siò elaji pou lekòl yo nan santil 11-20
- Devlopman politik “Sòti nan Ranp” pou lekòl ki demontre yon amelyorasyon dirab

Reyinyon Miks Komite Lekòl Boston lan

Bruce C. Bolling Municipal Building
2300 Washington Street
School Committee Chamber
Roxbury, MA 02119

18 Oktòb 2023

BPS te alouwe \$10.792.482 pou sipòte Lekòl Transfòmasyon yo pandan Ane Lekòl 2023-2024 la.

Doktè Alkins te mande Doktè Sabin poukisa nivo sipò aktyèl la p ap mache, sitou pou elèv ki nwa yo pa rapò ak lòt sou-gwoup yo. Doktè Sabin te note elèv ki nwa yo te montre yon kwasans ba nan domèn matematik men pa nan alfabètizasyon. Li te fè konnen ke ekip la ap analize done selon lekòl la ak sou-gwoup yo pou kapab jwenn modèl. Li te fè konnen ke konble lakin nan sou-gwoup yo yon priyorite prensipal.

Madam Lima Barbose te mande plis enfòmasyon sou sipò prezans. Doktè Sabin te fè konnen ke prezans lan se yon difikilte reyèl pou lekòl yo nan tout peyi a epi li te detaye apwòch plizyè volè distri a pou l ogmante prezans lan soti nan plan pou amelyorasyon lekòl yo rive nan angajman. Li te fè konnen ke li t ap fè swivi avèk done espesifik lekòl yo.

Mesye Cardet-Hernandez te mete aksan sou enpòtans Komite a k ap resevwa done ki espesifik ak lekòl yo. Doktè Sabin te konfime ke nivo kwasans aktyèl la pa pral pèmèt yo diminye sou lakin nan reyisit yo. Mesye Cardet-Hernandez te mande kòman BPS ap itilize fleksibilite nan eta a ansanm ak bonjan estrateji nan sistèm yo. Doktè Sabin te eksplike ke Lekòl Transfòmasyon yo gen yon nivo fleksibilite ki elve yo e ke distri a ap travay avèk chak grenn lekòl separeman pou ogmante fleksibilite sa yo ak pou li inovè. BPS konsantre l sou redui chif dafè pwofesè ak responsab lekòl yo ak pou l ranfòse ansèyman pou l akselere kwasans. Doktè Sabin te fè konnen ke distri a aktyèlman ap idantifye levye chanjman ki pi pwisan yo pandan l ap konsantre l sou pwogram etid kalite siperyè enstriktè ki gen konpetans yo founi yo ansanm ak sipò ansèyman an. Sipèntandan an te pale sou enpòtans ki genyen nan mentni sipò nan lekòl yo ki soti nan estati redrèsman an ak nan elaji sipò yo pou lekòl yo nan santil 11-20. Mesye Cardet-Hernandez te ankouraje distri a eksplòre si lekòl ki gen plis fleksibilite yo ap aksepte pwogrè a ak, si se sa a, pou yo kapab anvizaje elaji fleksibilite nan lòt lekòl yo. Sipèntandan an te fè konnen ke edikasyon enklizif la pral ede lekòl yo, epi li te dakò ke distri a dwe ede lekòl yo ogmante levye yo pou yo estimile pwogrè.

Mesye O'Neill te mande Sipèntandan an kisa k ap mache ak kisa fè l enkyete l. Sipèntandan an te fè konnen ke li enkyete l pou jan n ap retabli n lan apati de pandemi an an jeneral. Li te eksplike ke distri a ap travay pou jere tout sistèm nan nan yon fason ki pozitif ak pou l idantifye ki entèvansyon pou yo plis eksplwate. Mesye O'Neill te felisite Sipèntandan an pou apwòch pwo-aktif li a pou sipòte lekòl yo.

Madam Robinson te mande si sipò adisyonèl yo bay lekòl transfòmasyon yo dwe rete pèmanan. Doktè Sabon te pale sou enpak pwofesè ki vrèman kalifye yo fè sou aprantisaj elèv yo. Li te fè konnen ke lekòl transfòmasyon yo gen tandans gen yon chif dafè pou pwofesè ki pi elve pase lekòl ki pa lekòl transfòmasyon yo, sa ki gen yon enpak negatif sou elèv yo. Distri a ap travay pou l amelyore rekritman ak fòmasyon pou yo eseye mete fen nan woulman sa a.

Reyinyon Miks Komite Lekòl Boston lan

Bruce C. Bolling Municipal Building
2300 Washington Street
School Committee Chamber
Roxbury, MA 02119

18 Oktòb 2023

Mesye Mehta te mande kòman BPS a ap angaje l avèk òganizasyon ki pa la pou fè pwofi pou yo kapab eksplwate resous yo. Sipèrèntandan te fè konnen ke BPS ap travay sou estraje yo pou li kapab eksplwate resous yo nan tout vil la pou l sipòte lekòl yo. Lekòl pivo yo se youn nan egzanp patenarya sa yo.

Mesye Cardet-Hernandez te mande kòman BPS ap itilize inovasyon yo ak fleksibilite nan lekòl ki gen plis bezwen yo. Sipèrèntandan te fè konnen ke distri a ap itilize plizyè estrateji yo, tankou y ap travay pou yo anboche plis anplwaye ki bileng ak pou yo elabore pwogram filyè pou pwofesè yo avèk elèv BPS ki gradye yo. Mesye Cardet-Hernandez te ankouraje distri a konsidere estrateji kreyatif yo tankou peye pwofesè ki travay nan lekòl ki vrèman nan bezwen yo plis paske se yon travay ki pi konplèks. Mesye Cardet-Hernandez te mande kòman done sou transfòmasyon yo enskri nan konvèsasyon pi vas Green New Deal la. Sipèrèntandan an te fè konnen ke li te konsène youn nan plizyè faktè yo.

Doktè Alkins te mande kòman responsab lekòl yo kapab evalye pwofesè yo pou yo kapab asire ke yo pi byen adapte pou yon salklas. Doktè Sabin te fè konnen ekip rejyonal yo fè obsèvasyon pedagogik kòm yon eleman esansyèl nan estrateji sipò lekòl distri a.

Edikasyon Enklizif - Sipèrèntandan Adjwen Prensipal Pwogram Akademik yo, Linda Chen ak Responsab Sèvis Espesyalize yo, Kay Seale, te prezante Plan Edikasyon Enklizif Lekòl Piblik Boston yo, ke yo te soumèt nan kòmansman mwa sa bay Depatman Edikasyon Elemantè ak Segionde a (DESE) nan kad Plan pou Amelyorasyon Sistematik lan. Doktè Chen ak Madam Seale te genyen ansanm avèk yo ko-prezantatè Carolina Armstrong, Responsab Ansèyman Adjwen, Biwo Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl, Doktè Lesley Miller, Responsab Ansèyman ak Aprantisaj, and Doktè Drew Echelson, Responsab Lekòl ak Responsabilizasyon.

Plan dekri yon seri chanjman sistematik nan tout divizyon BPS yo pou yo kapab konble lakin nan opòtinite yo epi pou pèmèt chak elèv jwenn aksè ak yon ansèyman solid epi ki adapte sou plan kiltirèl. Plan mete yon aksan espesifik sou aprenan miltileng yo, elèv ki gen andikap yo, ansanm ak aprenan miltileng ki gen andikap yo ansanm ak elèv Nwa ak Latino-Ameriken nou yo ke yo te konn toujou mal desèvi yo. Sa ale pi lwen pase senp definisyon enklizyon an, kote li jeneralman fè referans ak elèv ki gen andikap yo. Aplikasyon konplè plan an pral konstitiye yon efò pandan plizyè ane ki gen enpak nan nivo salklas la, lekòl la, ak Distri a.

Edikasyon enklizif la egzije pou tout elèv jwenn yon seri kou kalite siperyè ki solid pou kapab mete yo an defi nan salklas la, avèk sipò sibil an fonksyon de nivo bezwen yo. Plan an dekri a kòmman distri a pral founi resous, anplwaye, ansanm ak sipò pou transfòme ansèyman nan salklas la. Plan Edikasyon Enklizif pral transfòme rezilta aprantisaj yo pou tout elèv yo, pandan y ap prezève tout dwa pou tout elèv jwenn edikasyon nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an.

Plan an kòmmanse pa rekonèt istwa Distri a ki rasinen nan disparite rasyal sistematik yo ki te jeneralman gen aksè ekita ki limite ansanm ak rezilte poui gwoup elèv patikilye yo. Istwa sa ansanm ak pratik aktyèl yo te rive lakoz elèv gason ki Nwa yo vin gen twa fwa plis chans pou yo idantifye yo gen yon twoub emosyonèl epi yo plase yo, defason inegal, nan yon anviwònman ki

Reyinyon Miks Komite Lekòl Boston lan

Bruce C. Bolling Municipal Building
2300 Washington Street
School Committee Chamber
Roxbury, MA 02119

18 Oktòb 2023

pratikman separe pa rapò ak kamarad yo, epi aprenan miltileng hyo gen de (2) fwa e edmi plis chans pou yo idantifye yo gen yon twoub kominikasyon epi pou yo plase yo, defason inegal, nan yon anviwònman ki pratikman separe. Plan Edikasyon Enklizif la travay pou l asire ke elèv yo pa separe de kamarad yo epi li ofri pito yon sipò espesyalize anplis nan saklas enklizif yo. Pandan y ap ofri yon kontinyòm sèvis konplè, BPS pral asire l ke tout elèv ak tout fanmi gen aksè ak yon eksperyans kalite siperyè pou elèv toupre lakay yo, kèlkeswa lang yo pale oswa andikap yo ta genyen yo.

Rechèch akademik yo montre ke elèv ki gen andikap yo, ansanm ak Aprenan Miltileng yo, ki resevwa edikasyon nan anviwònman enklizif yo bay pi bon rezilta nan lekòl ansanm ak rezilta ki amelyore apre yo fin gradye. Rezilta rechèch yo endike tou ke elèv ki pa gen andikap yo ki resevwa edikasyon ansanm avèk elèv ki gen endikap yo swa pa viv okenn efè oswa ni efè pozitif nan devlopman akademik yo.

Rapò 2023 pou Kontwòl ki Konsantre ki gen Plizyè Nivo a te dekouvri ke kèk elèv te santi yo izole paske yo manke jwenn opòtinite pou yo entèraji avèk kamarad yo epi pou yo aprann avèk elèv ki pa pataje menm orijin lengwistik ak kiltirèl. Rapò a endike "Anplis, gen kèk elèv ki nan pwogram SEI 'ki espesifik ak lang' oswa 'miltileng' yo pataje yo nan kad gwoup konsantrasyon yo ke yo santi yo itilize nan pwogram sa yo paske yo pa gen opòtinite pou yo entèraji avèk kamarad yo ki pale Anglè yo ak pou yo aprann ansanm avèk elèv ki pa pataje menm orijin lengwistik ak kiltirèl ak yo. Gen elèv tou ki te fè konnen ke estrikti sa sèvi obstak pou devlopman Anglè a epi li kontinye rann li difisil pou yo santi yon santiman apatenans menm lè yo kite kou sa yo."

Plan Edikasyon Enklizif la vize ogmante santiman apatenans tout elèv yo nan kominote lekòl yo a, pandan y ap bay tout elèv yo opòtinite pou yo aprann nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an, gras ak sipò ki apwopriye.

Plan Edikasyon Enklizif la dekri kat gwo chanjman nan pratik ke BPS dwe adopte yo pou li kapab asire l ke tout lekòl BPS yo founi yon kontinyòm sèvis pou BPS kapab vin yon distri ki reponn ak bezwen tout elèv yo:

1. **Aprantisaj nan nivo klas la ansanm ak materyèl pedagogik kalite siperyè**

Plan Edikasyon Enklizif la asire ke tout elèv yo gen aksè ak yon materyèl rigoure ki nan nivo klas la. Aksè nan lang matènèl la pral disponib gras ak parapwofesyonèl bileng ki pran fòmasyon yo, materyèl pedagogik trans-adapte yo, ansanm ak itilizasyon estratejik ke pwofesè Anglè kòm yon Dezyèm Lang lan (ESL) fè konsènan lang matènèl nan salklas la. Elèv ki gen andikap yo pral gen aksè ak ansèyman ki fèt defason espesyal la, pandan y ap asire aksè nan pwogram etid nivo klas la ansanm ak opòtinite aprantisaj yo. Tout elèv pral resevwa nòm edikasyon solid ki adapte sou plan kiltirèl sa a. Pou yo kapab reyalize refòm sa nan tout distri a, BPS pral asire l ke tout lekòl yo genyen materyèl pedagogik kalite siperyè, edikatè ansanm ak anplwaye ki pral resevwa devlopman pwofesyonèl anplis ansanm ak estrikti sipò, epi distri a pral kontinye akselere estratji alfabetizasyon ekitab li a.

Reyinyon Miks Komite Lekòl Boston lan

Bruce C. Bolling Municipal Building
2300 Washington Street
School Committee Chamber
Roxbury, MA 02119

18 Oktòb 2023

2. **Livrezon entèvansyon, sipò, ak sèvis enklizif**

Plan Edikasyon Enklizif la vize asire ke tout elèv gen aksè yon seri entèvansyon ki gen plizyè nivo pou ankouraje aksè yo nan kontni ki nan nivo klas la. Apre nan miltileng yo dwe gen aksè ak ansèyman Anglè kòm yon Dezyèm Lang lan (ESL) ansanm ak resous nan lang matènèl yo pou yo kapab sipòte aprantisaj yo, epi elèv ki gen andikap yo dwe gen aksè ak sipò espesyalize yo pou yo kapab pwospere nan yon anviwònman enklizif ansanm avèk kamarad yo. Y ap sèlman separe Apre nan Miltileng yo pou yo kapab resevwa ansèyman ESL dirèk la ke yo pa kapab resevwa nan klas yo a. BPS pral elabore tou divès modil fòmasyon ak fòmasyon pou asire ke plan edikasyon endividyalize yo (IEP yo) pou elèv ki gen andikap yo kantitatif e kalitatif nan devlopman yo, kote yo adapte ak atou ak bezwen endividyèl elèv yo. Elaborasyon ak kontwòl IEP ki baze sou done yo esansyèl pou envèsi idantifikasyon depase elèv ki Nwa ak sa ki bren yo ansanm ak apre nan miltileng yo ke yo te plase, defason inegal, nan anviwònman ki pratikman separe yo. Pou yo kapab rive reyalize sa a, y ap estriktire salklas edikasyon jeneral yo pou sipòte divès modèl ansèyman ak aprantisaj. Plan anplwaye yo pral pase de modèl fiks endividyèl ki baze sou salklas ki gen yon sèl pwofesè a yon seri ekip aktif ki pi fleksib ki ede chak elèv gen aksè ak aprantisaj ki nan nivo klas la.

3. **Planifikasyon ak kolaborasyon ann ekip**

BPS pral ankouraje planifikasyon ak kolaborasyon ann ekip la pou li kapab kiltive yon responsablite kolektif pou tout elèv yo nan kominote lekòl la. Yon devlopman pwofesyonèl sible ranfòse kapasite entèn lekòl yo ak divès ekip lidèchip pou konsevw ak kreye entansyonèlman divès opòtinite ki pèmèt elèv yo jwenn edikasyon nan divès anviwònman ki aliyen avèk sèvis IEP yo ansanm ak bezwen devlopman lang Anglè yo. Avan peryòd bidjè Ane Lekòl 2024-2025 lan, Ekip Planifikasyon Enklizyon yo nan chak lekòl ap aktyèlman travay pou yo idantifye, katografye, ak analize fason y ap founi elèv ki gen andikap yo ansanm ak apre nan miltileng yo sèvis aktyèlman ak pou yo fè rekòmandasyon pou reyaliyen resous yo pou yo kapab aplike yo nan nivo lekòl la.

4. **Reyinisyalize sistèm distri yo pou sipò ak responsabilizasyon**

EAplikasyon efikas la pral egzije pou difikilte fonksyonèl yo nan nivo Distri a pi byen sipòte chak kominote lekòl, ansanm ak bidjetizasyon estratejik, efektif anplwaye, ansanm ak planifikasyon espas. Chanjman sa yo pral finalman founi yon kontinyòm sèvis konplè anndan chak kominote lekòl, pandan y ap asire ke tout elèv ak fanmi yo gen aksè ak yon eksperyans kalite siperyè pou elèv toupre kay yo. Y ap aplike chanjman sa yo pwogresivman pandan plizyè ane. Planifikasyon an te kòmanse nan chak lekòl, epi yo pral aplike chanjman estriktirèl yo nan nivo kèk klas, nan chak lekòl, apati de Ane Lekòl 2024-2025 lan.

Y ap planifye e aplike Plan Edikasyon Enklizif la pandan senk pwochen ane lekòl yo.

Sipèrentandan an te remèsye Responsab Adjwen pou Sèvis ak Sipò nan Biwo pou Sèvis Espesyalize yo, Olga Garriga, Responsab Adjwen pou Sèvis Espesyal yo, Lauren Viviani,

Reyinyon Miks Komite Lekòl Boston lan

Bruce C. Bolling Municipal Building
2300 Washington Street
School Committee Chamber
Roxbury, MA 02119

18 Oktòb 2023

ansanm ak Responsab Adjwen Operasyon ak Responsabilizasyon nan Biwo Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl la, Brittany Baggett, pou travay li nan Plan Edikasyon Enklizif la.

Madam Polanco Garcia te fè konnen ke li se yon egzanp enklizyon epi li apresye lè yo salye li nan lang matènèl li. Li te eksprime ke li enkyete l pou yo pa mete elèv ki gen konpetans limite nan Anglè yo nan salklas yo avèk elèv ki pale Anglè yo. Doktè Chen te eksplike kòman distri a ap itilize efektif anlwaye estratejik yo pou li kapab sipòte gwo konsantrasyon elèv ki pale menm lang yo. Li te afime ke distri a angaje l nan ansèyman nan lang matènèl. Madam Armstrong te detaye ke sèvis konplè ke BPS founi pou elèv ki fèk rive yo nan peyi a, ansanm ak aksè nan lang matènèl. Madam Polanco Garcia te mande si BPS te anvizaje kreye yon komisyon entèn pou evalye bezwen chak grenn lekòl.

Doktè Alkins te poze kesyon sou estrateji efektif anlwa distri a pou sipòte aprenan miltileng yo ak lè yo prevwa pou rezilta elèv yo amelyore yo. Doktè Chen te fè konnen distri a ap eksplòre posiblite pou yo ankouraje efektif anlwaye nan domèn kote gen anpil bezwen yo. Madam Seale te pale sou enpòtans ki genyen nan otonomoze fanmi yo ak aprann elèv yo defann tèt yo.

Mesye Tran te poze kesyon sou ekite nan pwosesis plasman elèv yo, sètifikasyon ak konpetans pwofesè yo, aplikasyon kòmantè fanmi an, ansanm ak filozofi distri a ak aplikasyon akizisyon lang lan. Doktè Chen te dakò fè swivi avèk repons yo.

Madam Lima Barboa a te eksprime sipò pou edikasyon enklizif pou aprenan miltileng yo, pandan li fè konnen ke jounen jodi a elèv yo ekspoze ak Anglè atravè plizyè platfòm dijital. Li te mande kòman distri a panse itilize teknoloji pou l kapab sipòte edikasyon enklizif la. Doktè Chen pral fè swivi yo.

Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou objektif pou rezilta elèv yo. Doktè Chen te fè konnen ke yo dwe mezire nivo reyisit plan an antèm de pousantaj kwasans. Li te di ke ekip li a pa t elabore mezi apa paske plan an se travay tout distri a. Li te fè konnen ke distri a pral detèmine yon mezi pou kontwole gwo konsantrasyon elèv ki gen andikap yo ansanm ak elèv ki nan plasman ki pratikman separe yo nan lekòl patikilye yo. Mesye Cardet-Hernandez te mande plis enfòmasyon sou done yo kolekte yo nan revizyon chak trimès yo ak sou fason yo pataje enfòmasyon yo avèk fanmi yo. Doktè Chen te fè konnen ke gen kèk revizyon chak trimès ki fèt nan pwennvi Plan Lekòl Kalite yo ke yo pataje avèk DESE epi ki disponib pou piblik la. BPS soumèt rapò tou bay Depatman Jistis la sou konfòmite aprenan miltileng yo. Li te afime ke distri a angaje l nan elaji pwosesis chwa lekòl la pou aprenan miltileng yo ak pou elèv ki gen andikap yo. Mesye Cardet-Hernandez te mande kòman siksè a pral ye, kòman lekòl yo te planifye pou edikasyon enklizif la, sa ki pa negosyab yo nan distri a, ansanm ak modèl ekselans yo. Doktè Chen te fè konnen ke sa ki pa nogosyab yo se responsablite distri a genyen yo konfòmeman ak règleman eta a ak règleman federal yo pou edike elèv yo nan anviwònman ki gen mwens restriksyon yo. Li te site ke Higginson K0-2 School antanke yon modèl ekselans pou enklizyon. Doktè Chen pral fè swivi avèk enfòmasyon siplemantè yo.

Mesye O'Neil te raple travay Gwoup Travay sou Enklizyon Komite Lekòl la pandan ane 2014-2015 lan. Li mande kòman distri a ap travay pou l asire l ke gen yon kolaborasyon nan tout nivo

Reyinyon Miks Komite Lekòl Boston lan

Bruce C. Bolling Municipal Building
2300 Washington Street
School Committee Chamber
Roxbury, MA 02119

18 Oktòb 2023

pou yo kapab fè enklizyon an fonksyone nòmalman. Doktè Chen te fè konnen ke pandan gen varyasyon nan lekti nan tout lekòl yo ak pami responsab lekòl yo, distri a ap fè travay planifikasyon an epi l ap mete bonjan sipò an plas pou l rann edikasyon enklizif toupatou nan distri a reyisi. Mesye O'Neil te mande jwenn yon mizajou sou aryere IEP hyo ak sou pwoblèm transpò pou elèv ki gen andikap yo. Madam Seale te fè konnen ke pwoblèm sa yo reprezante priyorite prensipal. Ekip li an travay nan bonjan kolaborasyon avèk DESE pou yo kapab reponn ak tout egzijans yo alè. Mesye O'Neil te mande kòman lekòl yo ap kominike avèk fanmi yo sou chanjman sa yo ansanm ak valè edikasyon enklizif la? Doktè Chen te fè konnen ke chak lekòl fikse yon vizyon epi yo gen yon reprezantasyon paran nan ekip planifikasyon enklizif la. Apresa, lekòl yo vin kominike avèk kominote jeneral la. Ekip santral la ap travay avèk Konsèy Konsiltatif pou Paran Edikasyon Espesyal Boston nan (SPED PAC) pou yo kapab kominike avèk fanmi yo sou chanjman sa yo. BPS pral òganize seyans ekout ak fowòm pou fanmi nou yo pou yo kapab vrèman angaje yo nan ni planifikasyon an ni aplikasyon an.

Madam Robino te mande ekip la bay plis enfòmasyon sou angajman distri a avèk fanmi aprenan militeng yo ansanm ak anplwaye lekòl yo.

Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou enplikasyon bidjè pou elajisman edikasyon enklizif la. Sipèntandan an te fè konnen ke gen yon ekip entè-fonksyonèl ki toujou ap reyini pou diskite sou itilizasyon diferan resous yo pou sipòte travay sa a.

KÒMANTE PIBLIK (SWIT)

Ann Chinchilla DeGeorge, rezidan Roxbury e paran ki gen timoun nan Boston Latin Academy, te temwanyen konsènan sipò pou elèv ki gen plan 504 yo, angajman paran an, ansanm ak pwopozisyon pou yo transfere nan O'Bryant School.

Ruby Reyes, rezidan Dorchester e direktè egzekitif Alyans Jistis nan Edikasyon nan Boston nan, te temwanyen konsènan angajman kominote a.

Vernee Wilkinson, ki pa yon rezidan Boston, manm Konsèy Konsiltasyon SchoolFacts pou Fanmi nan Boston, te temwanyen konsènan angajman fanmi an.

Kime Emery, rezidan West Roxbury e paran ki gen timoun nan Boston Latin Academy, te temwanyen konsènan sipò pou elèv ki gen andikap yo.

Jeanie Gorlovsky-Schepp, rezidan South End e paran ki gen timoun nan Boston Latin School, te temwanyen konsènan mank kominikasyon BPS konsèna sipò elèv yo ak Anti-semis/Islamofobi.

Deirdre Manning, rezidan Dorchester e paran ki gen timoun nan Murphy K-8 School ak nan lekòl endepandan, te temwanyen konsènan politiki sou admisyon nan lekòl egzamen yo.

Reyinyon Miks Komite Lekòl Boston lan

Bruce C. Bolling Municipal Building
2300 Washington Street
School Committee Chamber
Roxbury, MA 02119

18 Oktòb 2023

NOUVO BIZNIS

Pa t genyen.

REPÒTE

Apwouve - Nan apwoksimativman 10:58 p.m. Komite a te apwouve yon mosyon pou ranvwaye reyinyon an pa yon konsantman yon sèl vwa.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif